Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO AJOUTE PLIS PASE 118 EKTA TÈ NAN REZÈV PAK ETA MINNEWASKA NAN KONTE ULSTER

Li bay plis opòtinite lwazi epi pwoteje resous natirèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a adisyon plis pase 118 ekta tè nan Rezèv Pak Eta Minnewaska nan Konte Ulster, pou ede nan konsèvasyon yon seksyon enpòtan nan pati nò Montay Shawangunk. Pwoteksyon tè sa yo nan kad sistèm Pak Eta Nouyòk la bay yon opòtinite pou sovgade resous natirèl yo, epi li reprezante yon adisyon ki presye pou aksesibilite ak amelyorasyon lwazi alavni. Adisyon ekta (ak) tè sa yo fè pwogrese objektif Eta a pou konsève 30 pousan tè ak dlo li yo rive 2030, an akò ak inisyativ mondyal 30x30 pou pwoteje tè ak dlo nan mond lan. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, yo te ajoute plis pase 1,600 ekta tè sou tè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la ap jere.

"Pak Eta nou yo se kèk nan pi gwo richès nou genyen nan Nouyòk, epi mwen eksite pou elaji Rezèv Pak Eta Minnewaska pou pi byen konekte jenerasyon k ap vini yo ak pak Nouyòk yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwoteje espas ki louvri yo ak elaji pak nou yo pèmèt nou amelyore anviwònman an epi kreye espas ki endispansab pou lwazi anplennè."

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la te fè akizisyon ki fini an nan vil Rochester nan men Open Space Institute Land Trust, Inc., avèk Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) Eta a pou yon total 641,000 dola. Dènye akizisyon sa yo kontinye amelyore, elaji, epi pwoteje divèsite byolojik ak sèvis ekosistèm yo, tankou abita enpòtan pou bèt sovaj ak prevansyon kont fragmantasyon forè a nan nò Montay Shawangunk yo. Pasèl sa yo ogmante opòtinite lwazi tou nan ekstremite nò pak la, epi pwoteje panorama enpòtan yo alafwa nan pak la ak nan Rondout Valley adjasan an.

Komisè Tanporè Pak Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare, "Nou fyè pou nou anonse adisyon enpòtan sa a nan Rezèv Pak Eta Minnewaska, ki kontinye pwoteje youn nan peyizaj natirèl Nouyòk ki pi presye yo. Akizisyon sa a reflete angajman kontinyèl nou an favè konsèvasyon, jesyon, epi asire ke Minnewaska rete yon destinasyon ekstrawòdinè pou tout moun ki vin vizite ka gen aksè ak li epi dekouvri l."

Vis Prezidan Tè nan Prensipal Open Space Institute, Dene Lee Hofheinz, te deklare, "Pandan kat dènye deseni yo, Open Space Institute te triple gwosè Rezèv Pak Eta Minnewaska, epi fè li vin pi akeyan pou vizitè tout laj ak tout kapasite. Dènye adisyon sa a ki fèt nan pak mayifik sa a ap kontinye garanti pwoteksyon resous natirèl enpòtan sa a pou moun ak bèt sovaj. Nou rekonesan pou patenarya nou ak PIPC ak Pak Eta Nouyòk yo, epi pou sipò donatè yo ki ede nou reyalize konsèvasyon siyifikatif."

Direktè Egzekitif Komisyon Pak Palisades Interstate la, Joshua Laird, te deklare, "Komisyon Pak Palisades Interstate la kontan dèske yo pral ajoute nouvo pasèl sa yo nan Rezèv Pak Eta Minnewaska. Minnewaska se youn nan pak yo pi renmen nan Eta Nouyòk, ki gen santye li, wout cha li yo, ansanm ak sant akèy vizitè ki atire plis pase yon milyon vizitè chak ane. Grasa patenarya nou an gran pati ak OSI, kounye a, Minnewaska se twazyèm pi gwo pak eta nan Nouyòk. PIPC pa ka tann pou l kontinye travay ak Pak Eta Nouyòk yo ak OSI pou pwoteje tè pou lwazi, prezèvasyon, ak konsèvasyon alavni, e li remèsye patnè nou yo pou tout efò yo fè pou entegre tè sa yo nan pak la."

Senatè Eta, Michelle Hinchey, te deklare, "Nou kontan anpil pou n wè finansman pou Pwoteksyon Anviwònman Eta a nou t ap defann nan retounen nan Konte Ulster. Lè nou elaji tè pwoteje yo nan Rezèv Pak Eta Minnewaska, sa vle di plis espas pou moun pwofite anplennè, e sa ap pote fwi pou ranfòse kalite lavi nou ak sante kominote a, pandan y ap sovgade Shawangunks yo ki fòmidab ak resous natirèl li yo pou jenerasyon k ap vini an."

Egzekitif Konte Ulster, Jen Metzger, te deklare, "Elajisman Rezèv Pak Eta Minnewaska a se yon gwo viktwa pou Konte Ulster ak pou plis pase yon milyon moun ki vizite bèl trezò natirèl ak ekstrawòdinè sa a chak ane. Adisyon plis pase 118 ekta tè ki pwoteje yo ranfòse rezistans ekolojik, louvri plis opòtinite pou moun konekte ak lanati, epi prezève bote espektakilè krèt Shawangunk la. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk pou angajman yo nan konsèvasyon ak pou jan yo defann tè piblik ki anrichi kominote nou yo, epi ki pwoteje anviwònman an pou jenerasyon k ap vini yo."

Adisyon akizisyon sa a fè sipèfisi Rezèv Pak Eta Minnewaska rive nan plis pase 9,000 ekta tè. Pak la sitiye sou krèt enpresyonan montay Shawangunk lan, ki gen yon wotè plis pase 600 mèt (2,000 pye) pi wo nivo lanmè a, epi li antoure ak yon tèren solid ak miray an wòch. Pak la gen anpil kaskad dlo, twa lak klè tankou kristal sou tèt mòn yo, forè dans ak pyebwa di, falèz apik ak rebò ki louvri sou bèl panorama, kouran dlo klè ki koule nan vale, 56 kilomèt (35 mil) wout cha ak plis pase 80 kilomèt (50 mil) chemen pou monte bisiklèt, mache, oswa fè randone.

Rezèv Pak Eta Minnewaska pwoteje yon ravin dezè nan kote kouran dlo Peterskill la koule, ak plizyè somè wòch, enkli Dickie Barre, Ronde Barre ak yon pòsyon nan Rock Hill.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, epi li akeyi plis pase 88 milyon vizitè chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje aplikasyon NY State Parks Explorer gratis la oswa rele 518.474.0456. Konekte avèk nou sou Facebook, Instagram, X, LinkedIn, blòg OPRHP a oswa atravè Sal Laprès OPRHP a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU